

Rekonesans responsablite mwen kòm Anplwayè Founisè Endividyèl mwen yo – Vèsyon pandemik COVID tanporè

Mwen chwazi pou resevwa sèvis nan men yon Founisè Endividyèl (IP) ke Depatman Sèvis Sosyal ak Sante (DSHS) te peye. Mwen konprann responsablite mwen yo kòm anplwayè IP m gen ladan:

Verifikasyon Antesedan pou Founisè mwen yo

- Mwen konprann ke adrès IP m dwe pase alafwa yon verifikasyon sou antesedan nan eta, men egzijans verifikasyon anprent dijital andeyò eta aktyèlman leve akòz pandemi COVID-19 la. Mwen ka anboche IP m pou kòmanse imedyatman oswa rete tann rezilta verifikasyon anprent dijital yo. Si mwen anboche IP m anvan rezita anprent yo retounen e yo ta jwenn ke founisè m diskalifye, DSHS pa p peye pou IP sa a ankò. Mwen pral gen opsyon pou m chwazi yon lòt IP ki kalifye:
 - Mwen vle anboche IP m avèk konesans ke egzijans verifikasyon anprent dijital andeyò eta aktyèlman leve akòz pandemi COVID-19 la. Mwen konprann ke IP m dwe pase premyèman verifikasyon antesedan nan eta.** Egzaminasyon verifikasyon antesedan nan eta (1) dosye kondanasyon kriminel atravè Washington State Patrol, (2) dosye nan baz done tribinal Eta Washington, ak (3) rezilta ki soti nan ajans eta Washington yo.
OSWA
 - Mwen vle rete tann jiskaske verifikasyon anprent andeyò eta fini anvan mwen anboche IP m.** Verifikasyon andeyò eta gen ladan yon verifikasyon dosye kriminel nan lòt eta yo.

Non IP: _____

Ou se yon Anplwayè:

- Mwen dwe evalye ak anboche yon IP kalifye:
- Mwen dwe kontakte manadjè dosye mwen an pou m asire ke IP a gen yon kontra valab:
- Mwen konprann ke IP mwen an pa otorize pou travay si yo resevwa yon avi nan DSHS ki di ke yo dwe sispann travay:
- Mwen konprann ke IP mwen an pa otorize pou travay si yo pa kalifye ankò kòm yon IP;
- Mwen konprann ke mwen pral resevwa yon avi si IP mwen an pa otorize pou travay. Si mwen otorize yo pou travay apre dat avi sa a, mwen ka sèl moun responsab pou peman IP a;
- Mwen dwe asire ke IP m ka travay nan Etazini. Mwen dwe ranpli epi kenbe fòm I-9 la. Mwen ka kontakte [Homeland Security USCIS I-9 Web Site](#) oswa lè m rele 1-888-464-4218 si mwen bezwen plis enfòmasyon;
- Mwen konprann ke mwen ka kontakte Rejis Referans Swen nan Kay la [Home Care Referral Registry (HCRR)] pou ede m jwenn yon IP. Sèvis la disponib nan pifò zòn nan eta. Mwen ka kontakte HCRR pa telefòn nan 1-800-970-5456. Mwen ka gen aksè nan HCRR sou entènèt la nan: <http://www.hcrr.wa.gov/>

Bay IP m orè pou travay:

- Mwen konprann ke IP m **pa ka** travay plis pase limit travay pa semèn nan san apwobasyon DSHS;
- Mwen konprann ke IP m nan gen limit travay yon semèn. IP mwen an pa ka depase limit sa a menmsi yo travay pou plis moun pase m;
- Mwen dwe asire IP m pa travay plis pase limit travay pa semèn li ak plis pase èdtan sèvis pa mwa mwen;
- Mwen dwe jwenn yon lòt moun kap bay swen pou reponn a bezwen mwen yo, lè m bezwen youn;
- Mwen ka oblije anboche lòt moun kap bay swen pou reponn a bezwen mwen yo ak swiv règleman sou èdtan siplemantè yo;
- Mwen dwe asire ke IP mwen konprann plan swen mwen an, kapab swiv plan swen mwen an, epi ka travay nan orè mwen vle a:

- Mwen sipèvize travay IP mwen. Byenke IP m gen yon kontra avèk DSHS, DSHS pa sipèvize IP mwen.

Bay gan:

- Mwen dwe bay IP mwen gan pou travay swen pèsònèl pratik lè yo bezwen:
- Mwen ka jwenn jiska 200 gan pa mwa nan benefis Apple Health mwen (Medicaid). Mwen ka anmezi pou m jwenn plis si li nesèsè medikalman.
- Si mwen gen Apple Health (Medicaid) managed care, Mwen ka kontakte plan sante mwen oswa doktè m pou m kòmande gan, oswa ale nan <https://www.hca.wa.gov/assets/billers-and-providers/13-010.pdf>
- Si mwen gen kouvèti Apple Health ki pa nan jesyon swen Mwen ka:
 - Rele yon founisè ekipman medikal nan lis ki sou sit entènèt Health Care Authority nan: https://www.hca.wa.gov/assets/billers-and-providers/ffs_providers_non_sterile_gloves.pdf oswa
 - Rele doktè m; oswa
 - Rele Sant Sèvis Medikal la nan 1-800-562-3022. Nimewo sa a lokalize nan do kat blue Medical Service mwen an. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn gan vizite sit entènèt Health Care Authority nan <http://www.hca.wa.gov/medicaid/dme/Pages/default.aspx>.

Devwa Finansye:

- Mwen konprann ke DSHS pa responsab pou kenbe oswa peye taks sou revni pou IP mwen an sof si IP mwen mande yo pou yo fè sa;
- DSHS responsab pou kenbe ak peman taks sou Medicare ak Sekirite Sosyal (FICA);
- DSHS responsab pou kenbe ak peye taks chmaj eta ak federal (FUTA/SUTA) sof si IP a se paran m oswa pitit mwen ki gen ant laj 18 ak 21 ane;
- Mwen dwe rapòte peman patisipasyon Swen Pèsònèl mwen bay ajans taks federal ak eta yo si Mwen:
 - Resevwa sèvis atravè Home and Community Services oswa Ajans Zòn lokal mwen an pou moun ki Aje (AAA), ak
 - Anplwaye yon IP, ak
 - Peye patisipasyon pou sèvis Swen Pèsònèl mwen.
 - Pou w jwenn enfòmasyon sou taks, kontakte Internal Revenue Service nan 1-800-829-1040 oswa Depatman Sekirite Travay Eta Washington nan 1-888-836-1900.

Kominike avèk DSHS

- Mwen pral kontakte Kowòdonatè swen m si mwen:
 - Gen nenpòt enkyetid sou plan m oswa sou kalite swen map resevwa nan men IP m;
 - Mwen pa resevwa sèvis yo IP mwen an faktire a;
 - Mwen pa resevwa sèvis plan swen mwen an otorize a;
 - Mwen vle chanje oswa ajoute yon founisè;
 - Mwen bezwen èd pou anboche/jere IP m; oswa
 - Mwen vle bay IP m plis èdtan pase limit travay pa semèn li.

Mwen konprann tou ke mwen gen yon dwa pou konteste si DSHS refize chwa founisè m.

REPREZANTAN LEGAL / KLIYAN

DATE SIYATI

NIMEWO KAT IDANTITE KLIYAN:

EKRI NON ANLÈT DETACHE REPREZANTAN LEGAL / KLIYAN